



Resous si yo te arete yon moun ou konnen

Nou konprann kijan li ka difisil epi panike w lè ICE (Immigration and Customs Enforcement) [ajan dwann ak imigrasyon] kenbe yon moun ou renmen an detansyon. Objektif nou se pou ba ou enfòmasyon ak resous pou ede w jere moman difisil sa. Malerezman nou pa ka ba ou konsèy legal men nou ka pataje kèk resous ki ka sipòte w legalman.

Kijan pou jwenn yon moun ke imigrasyon kenbe an detansyon ?

- Moun ICE pran yo ka lage apre yo fin fè pwosedi yo oubyen yo ka kenbe yo nan yonn nan sant detansyon ICE yo. Li enpòtan pou w konnen kote yo kenbe yo pou ou ka kominike avèk yo epi ba yo sipò.
- Ou ka itilize [ICE Online Detainee Locator System](#) (Sistèm An liy pou Lokalize Kote ICE Kenbe Moun) pou jwenn kote yo kenbe moun ou an. Sistèm sa mande pou genyen yon nimero A moun nan oubyen non konplè l' ak peyi moun nan te fèt.

Eske li posib pou moun mwen an kite detansyon an?

- Gen kèk moun ki nan detansyon ke yo ka lage sou kosyon. Kosyon an se yon kòb ou peye ki pèmèt ke yo lage moun nan pandan ke l'ap tann desizyon sou kal' la. Ofisye imigrasyon yo ka deside sou kantite kosyon an epitou ou gen dwa pou w fè yon jij imigrasyon revize desizyon sa nan yon odyans sou libète sou kosyon. Men fòk ou fè demand sa a bonè, li bon pou w preparew.
- Pou yo ka lagew sou kosyon fòk ou montre ke ou gen bon koneksyon fanmilyal ak koneksyon nan kominote w la, ki se prèv ke w'ap ka kontinye dosye w la apre ou fin lage. Si yo aksepte kosyon an fòk ou peye tout kòb la yon sèl kou. Se sèlman yon moun ki sitwatè ameriken oubyen ki gen yon estati imigrasyon legal ki pou ale nan biwo imigrasyon pou peye kosyon an.
- Sa a se yon gid ke PAIR Pwojè kreye [guide created by the PAIR Project](#) ki gen plis enfòmasyon sou kijan pou ou prepare pou mande yon odyans sou libète sou kosyon devan yon jij imigrasyon (enfòmasyon sou libète sou kosyon kòmanse nan paj 9).
- Kisa ou ka fè kounye a: rasanble tout dokiman ke moun ou an ka bezwen pou odyans sou libète sou kosyon an oubyen pou tribinal la, tankou lyen fanmilyal, travay, atachman nan kominote a.

Kisa k'ap pral pase apre avèk ka tribinal imigrasyon an?

- Apre detansyon, ka moun ou an pral nan sistèm tribinal imigrasyon. Pwosesis sa ka mande plizyè odyans, tankou yon odyans preliminè ak yon odyans endividyèl (kote yo pral gade ka a an pwofondè). Li enpòtan pou ou konnen tout dat odyans yo ak ki kote y'ap fèt.
- Kisa ou ka fè kounye a: Tcheke dat pwochen odyans yo nan tribinal imigrasyon, pou ou ka ajou sou orè odyans tribinal imigrasyon moun pa w la, itilize sistèm EOIR (Biwo Ekzekitif pou Revize Ka Imigrasyon) enfòmasyon otomatik sou ka yo [EOIR \(Executive Office for Immigration Review\) Automated Case Information](#) . Wap bezwen nimewo A yo pou ou ka jwenn enfòmasyon sa.

- Nòt: Si yo gentan pran desizyon final pou depòtasyon pou moun ou an , yo p'ap ba li yon odyans tribinal epi li ka pa kalifye pou libète sou kosyon, si se yon ka konsa, pataje li ak yon avoka imigrasyon!

Ki kote mwen ka jwenn plis sipò?

- **Sipò legal:**
 - Avoka dwa moun (Lawyers for Civil Rights) gen yon liy telefòn gratis pou bay enfòmasyon ak kèk konsèy legal - Liy pou defann imigran [Immigrant Defense Hotline (617-988-0606)]
 - Pwojè PAIR ([PAIR Project](#)) bay asistans legal gratis oubyen pou yon ti kras lajan pou moun ki an detansyon. Pou nenpòt kesyon Plymouth oswa Wyatt, tanpri voye yon imèl bay detention@pairproject.org, ranpli [fòm](#) sa a oswa rele nimewo telefòn yo 617-742-9296. Lè operasyon yo se 11 am - 3 pm pifò jou nan semèn nan.
 - Ou ka chèche yon avoka prive nan sit entènèt [American Immigration Lawyers Association](#) (Asosyasyon Avoka Ameriken pou Imigran)
 - Liy asistans pou imigrasyon MIRA (pa konsèy legal): (508) 293-1871 oswa helpline@miracoalition.org
- **Lòt kalite sipò:** Se nòmal pou w santi w akable nan moman sa. Ou ka chache konfò nan òganizasyon yo ki nan kominote a, nan gwoup sipò yo oubyen nan men yon pwofesyonèl sante mantal pou lòt èd. Si ou bezwen rekòmandasyon, tanpri fè nou konnen.
 - Rezo nan Boston k'ap gide epi akonpanye sou koze jistis ak imigrasyon [Boston Immigration Justice Accompaniment Network \(BIJAN\)](#): Òganizasyon sa bay akonpayman tankou sipò nan tribinal oubyen kote ICE fè anrejistreman, bay referans legal, jwenn lèt sipò nan kominote yo, leve fon pou kosyon oubyen peye frè legal yo, bay woulib pou fanmi ka vizite moun yo ki nan detansyon ak asistans lojistik avèk papye yo oubyen peye kosyon yo ak anpil lòt ankò. Nou ede tou ak lojman, transpòtasyon, ak lòt bezwen imedyat ke moun ki lage sou kosyon ki pa gen lòt resous nan kominote a.
- Si ou gen kesyon oubyen ou bezwen plis asistans, epi ou gen konfyans ke nou ka ede w plis ke sa, kontakte liy telefòn Imigrasyon MIRA nan (508) 293-1871.

Lòt resous adisyonèl

- [Prisoner Legal Services of Massachusetts](#) (Sèvis Legal pou Prizonnye nan Massachusetts)
- [PAIR Project Detention Self-Help Manual](#) (Liv Pwojè PAIR pou ede tèt ou nan detansyon an)
- [PAIR Project Asylum Pro Se Manual](#) (Liv Pwojè PAIR sou azil)